

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Ieu bab métode panalungtikan téh medar ngeunaan, (1) desain panalungtikan, (2) sumber data, (3) ngumpulkeun data, jeung (4) téhnik analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan


Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalayan metode deskriptif. Pamarekan kualitatif digunakeun pikeun ngaguar jeung nganalisis fénoména atawa aktivitas sosial sacara individual atawa kelompok. Pamarekan kualitatif miboga sipat induktif nyaéta panalungtik medar pasualan-pasualan nu aya dina data tuluy méré interpretasi sacara bebas (Sukmadinata, 2017 kc. 60). Panyangkem dimeunangkeun ngaliwatan analisis dumasar perspektif panalungtik. Ieu pamarekan dipaké dina ieu panalungtikan lantaran data nu rék diguar lain hal nu bisa dihitung ku angka. Hasil analisis kana data ieu leuwih subjektif.

Metode déskriptif saluyu jeung keuna dina panalungtikan nu maké pamarekan kualitatif. Metode déskriptif ditujukeun pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun fénoména-fénoména nu aya, boh nu sipatna alamiah boh nu sipatna rékayasa. Ieu métode teu mangaruhan jeung ngarobah kana variabel-variabel bébas. Hasil na saukur ngagambarkeun kondisi individual atawa kelompok dina data nu rék ditalungtik (Sukmadinata, 2017 kc. 72-73).

Hal-hal nu rék didéskripsikeun ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif nyaéta ngeunaan tindak tutur humoris dina naskah dram longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba dumasar kajian sosiopragmatik. Data nu dihimpun satuluyna dipasing-pasing dumasar kana rumusan masalah nu rék diguar nyaéta daya humorisna, prinsip pragmatikna, pola interaksina, sarta kontéks situasina.

Sabada niténan pamarekan jeung métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan, sangkan bisa ngagampangkeun panalungtikan dina prosés analisisna dibutuhkeun hiji desain panalungtikan. Dina desain panalungtikan, ditétélakeun

ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan. Desain dina ieu panalungtikan saperti dina bagan 3.1.



Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Data panalungtikan kudu teges tur saluyu jeung tujuan panalungtikan. Sumber data panalungtikan kabasaan aya dua, nyaéta sumber data tinulis jeung sumber data lisan (Wahyudi, 2014 kc.2). Sumber data ieu panalungtikan nyaéta naskah drama longsér karya Dhipa Galuh Purba nu judulna “Nu Garering”. Ieu data kaasup kana data tinulis dina wangun paguneman antar tokoh. Saluyu jeung tujuan panalungtikan, dina ieu data bakal dipaluruh ngeunaan sakabéh tindak tutur humoris nu nyampak.

3.2.1. Idéntitas Naskah

Naskah drama longsér “Nu Garering” mangrupa salasihiji karya dina wangun naskah drama sadérék Dhipa Galuh Purba. Ieu naskah ditulis taun 2016 pikeun kaperluan pasanggiri Festival Drama Basa Sunda ka XVII nu diayakeun ku Teater Sunda Kiwari. Sanajan awalna dipaké pikeun drama basa Sunda sacara umum, ieu naskah dipaké ogé pikeun drama tradisional basa Sunda nyaéta longsér lantaran eusina euyeub ku humor-humor has Sunda. Saperti nu pernah dipinton ku Sambada Hima Pensatrada taun 2018. Ieu naskah mangrupa gubahan dina hasil longsér ogé. Pintonan-pintonan drama nu maké ieu naskah sumebar di média internét, saperti dina Youtube.

Judul	: Nu Garering
Panulis	: Dhipa Galuh Purba
Kaca	: 28 kaca
Babak/Adegan	: 4 Adegan

3.2.2. Panulis

Panulisna nyaéta Dhipa Galuh Purba nu miboga ngaran asli M. Sudama Dipawikarta. Sapopoé mancén gawé jadi anggota Lembaga Sensor Film jeung jadi dosen luar biasa mata kuliah Produksi Film jeung mata kuliah Produksi Siaran TV Dakwah di Fakultas Dakwah dan Komunikasi UIN Sunan Gunung Djati Bandung ti taun 2008. Aktif nulis sababaraha karya dina wangun *essay*, drama, sajak, jeung artikel basa Indonésia jeung basa Sunda nu dimuat di sababaraha média massa sapeti *Manglé*, *Tribun Jabar*, *Pikiran Rakyat*, jrrd.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Zed (dina Supriyadi, 2016 kc. 85) nétélakeun studi pustaka atawa kapustakaan bisa dihartikeun minangka rangkaian kagiatan ngeunaan métode ngumpulkeun data pustaka, maca, jeung nyatet sarta ngolah bahan panalungtikan. Dina panalungtikan ku cara studi pustaka sahenteuna kudu aya opat ciri nu kudu diperhatikeun ku panalungtik. Kahiji, panalungtik kudu niténan langsung téks nu rék ditalungtik. Kadua, data pustaka kudu siap ditalungtik. Katilu, data nu rék ditalungtik mangrupa sumber sékunder nu hartina data nu dimeunangkeun lain langsung ti lapangan. Kaopat, kondisi data nu rék ditalungtik teu kawatesanan ku ruang jeung waktu nu hartina teu kadaluarsa. Dumasar kana hal nu di luhur, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun ku cara maluruh atawa ngaéksplorasi sababaraha jurnal, buku, jeung dokumén-dokumén (cetak atawa éléktronik) sarta sumber-sumber data atawa informasi séjén nu rélevan jeung panalungtikan.

Léngkah-léngkah ngumpulkeun data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta

- a. Nangtukeun jeung néangan sumber data nyaéta naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba ku cara ménta langsung ka panulis ngaliwatan blog pribadi panulis
- b. Maca naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba
- c. Nyirian paguneman nu asup kana tindak tutur humoris dina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba
- d. Nyalin paguneman nu kaasup tindak tutur humoris tina naskah drama longsér “Nu Garering” karya Dhipa Galuh Purba kana kartu data nu disiapkeun.

3.3.2. Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan mangrupa alat nu digunakeun pikeun ngukur data nu rék dikumpulkeun. Ieu instrumén sacara dasar teu lepas tina téhnik ngumpulkeun data. Ardianto nétélakeun saupama ngumpulkeun data ku cara *depth interview* atawa wawancara husus, instrumén nu dipaké nyaéta pedoman wawancara.

Saupama ngumpulkeun data ku cara observasi, instrumén nu dipaké nyaéta pedoman observasi. Kitu ogé saupama ngumpulkeun data ku cara pendokumentasian atawa studi pustaka, instrumén nu dipaké nyaéta format dokumén atawa format pustaka (Alhamid & Anufia, 2019 kc. 3)

Dina ieu panalungtikan, instrumén nu dipaké nyaéta kartu data. Data tindak tutur humoris nu geus dikumpulkeun tuluy dipasing-pasing dumasar kana udagan panalungtik. Dina kartu data, ditulis idéntitas nu diébréhkeun kana kode data sangkan ngagampangkeun panalungtik dina ngumpulkeun kartu data. Kartu data di handap ngawengku eusi tindak tutur nu rék dianalis, sarta papasingan daya humoris, prinsip pragmatik, jeung pola interaksi. Wangun kartu data nu dipaké saperti ieu di handap

Tabél 3. 1
Conto Kartu Data

Kode Data	
01/NG/KC.02/A1/P1	
SORA LALAKI Gancang bérésan! Kadé éta duit dina laci rawatan heula. Gancaang!	
SORA AWÉWÉ Héy...! Éling manéh téh! Piraku rék digubug kabéh?! Ari aing rék nyatu naon atuh isukan?	
SATPOL 1 Naon manéh rék ngalawan ka aparat?	
Daya Humoris	: Métafora Réalistis
Prinsip Pragmatik	: Prinsip Rempug Jukung (Maksim Kuantitas)
Pola Interaksi	: Rantayan Meulit

Keterangan:

- 01 : Nomer data
 NG : Naskah drama longsér “Nu Garering”
 KC.02 : Kaca ka-2
 A1 : Adegan ka-1
 P1 : Paguneman ka-1

Dumasar kana kartu data, tuluy disusun format analisis data saperti ieu di handap.

Tabél 3. 2
Conto Tabél Papasingan Data Daya Humoris

No Data	Data Tindak tutur humoris	Daya Humoris											
		MR	MD	MS	MK	MÉ	MI	MS1	MH	MA	MT	MP	MN
(01)	SORA LALAKI	✓											

Farid Rizqi Maulana, 2019

TINDAK TUTUR HUMORIS DINA NASKAH DRAMA LONGSÉR “NU GARERING” KARYA DHIPA GALUH PURBA (ULIKAN SOSIOPRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Gancang bérésan! Kadé éta duit dina laci rawatan heula. Gancaang! SORA AWÉWÉ Héy...! Éling manéh téh! Piraku rék digubug kabéh?! Ari aing rék nyatu naon atuh isukan? SATPOL 1 Naon manéh rék ngalawan ka aparat?													
---	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--	--

Keterangan:

- MR : Métafora Réalistis
MD : Métafora Déskriptif
MS : Métafora Similatif
MK : Métafora Kontrastif
MÉ : Métafora Éksplanatoris
MI : Métafora Interpretatif
MS1 : Métafora Sinonimi
MH : Métafora Homonimi
MA : Métafora Asimilasi
MT : Métafora Tarjamahan
MP : Métafora Pasalia
MN : Métafora Nyimpang (Plésétan)

Tabél 3. 3
Conto Tabél Papasingan Data Prinsip Pragmatik

No Data	Data Tindak tutur humoris	Prinsip Pragmatik									
		Rempug Jukung				Kasopanan					
		K1	K2	C	R	KJ	HA	PC	KT	KS	B
(01)	SORA LALAKI Gancang bérésan! Kadé éta duit dina laci rawatan heula. Gancaang! SORA AWÉWÉ Héy...! Éling manéh téh! Piraku rék digubug kabéh?! Ari aing rék nyatu naon atuh isukan? SATPOL 1 Naon manéh rék ngalawan ka aparat?										

Keterangan

- K1 : Maksim Kuantitas

Farid Rizqi Maulana, 2019

TINDAK TUTUR HUMORIS DINA NASKAH DRAMA LONGSÉR “NU GARERING” KARYA DHIPA GALUH
PURBA (ULIKAN SOSIOPRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

K2	: Maksim Kualitas
C	: Maksim Cara
R	: Maksim Rélevan
KJ	: Maksim Kawijaksanaan
HA	: Maksim Handap Asor
PC	: Maksim Pancocog
KT	: Maksim Katumarima
KS	: Maksim Kasimpati
B	: Maksim Balabah

Tabél 3. 4
Conto Tabél Papasingan Data Pola Interaksi

No Data	Data Tindak Tutur Humoris	Pola Interaksi	
		RN	RM
(01)	SORA LALAKI Gancang bérésan! Kadé éta duit dina laci rawatan heula. Gancaaang! SORA AWÉWÉ Héy...! Éling manéh téh! Piraku rék digubug kabéh?! Ari aing rék nyatu naon atuh isukan? SATPOL 1 Naon manéh rék ngalawan ka aparat?		

Keterangan

RN : Rantayan Ngaranté

RM : Rantayan Meulit

3.4 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus dikumpulkeun tina sumber data nu ditalungtik satuluyna diolah dumasar kana rumusan masalah jeung udagan nu rék dimeunangkeun. Hasil analisis data gé kudu diluyukeun jeung tiori atawa kajian nu dipaké. Téhnik ngolah data nu dipaké nyaéta téhnik analisis unsur langsung.

Léngkah-léngkah ngolah data téh ngawengku tujuh hal, nyaéta

- niténan deui data tindak tutur humoris nu geus dikumpulkeun;
- nyieun papasingan dumasar kana umusan masalah nyaéta daya humoris, prinsip pragmatik dina tindak tutur humoris, pola interaksi, sarta kontéks situasi dina sosiopragmatik;
- nganalisis data tindak tutur humoris nu geus dikumpulkeun dumasar kana kajian daya humoris, prinsip pragmatik dina tindak tutur humoris, pola interaksi, sarta kontéks situasi dina sosiopragmatik;

Farid Rizqi Maulana, 2019

TINDAK TUTUR HUMORIS DINA NASKAH DRAMA LONGSÉR “NU GARERING” KARYA DHIPA GALUH PURBA (ULIKAN SOSIOPRAGMATIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- d. ngadéskripsikeun data nu geus dianalisis dumasar kana kajian daya humoris, prinsip pragmatik dina tindak tutur humoris, pola interaksi, sarta kontéks situasi dina sosiopragmatik;
- e. napsirkeun data tindak tutur humoris kana kajian daya humoris, prinsip pragmatik dina tindak tutur humoris, pola interaksi, sarta kontéks situasi dina sosiopragmatik;
- f. nyusun kacindekan.